ñaari jullit bu ñu jaamaarloo ak séen ñaari Jaasi ka raye ak ka ñu ray yépp sawara lañu jëm

Jële nañu ci Abuu Bakrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónenteb Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax ne: «ñaari jullit bu ñu jaamaarloo ak séen ñaari Jaasi ka raye ak ka ñu ray yépp sawara lañu jëm», ma ne ko: yaw Yónente Yàlla bi kii moo ray, waaw ki ñu ray moom luy mbiram? Mu ne: «ndax moom dafa xéroon ci ray waayam ji».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi day xamle ne ñaari jullit bu ñu jaamaarloo ak séen ñaari Jaasi, ku nekk jubloo ray moroom ja; kon ki raye sawara lay jëm ngir sababus li mu ray waayam ji, Waaye Sahaaba yi di leer lu ci ki ñu ray: naka lay dugge sawara? Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewël ak mucc- xamal leen ne moom it dafa bëggoon a ray moromam ji, te dara terewul mu ray ko lu dul li waa ji gaawantu njëkk koo ray.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4304